



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 2 novanm 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOLONGASYON POU REOUVÈLMAN, POU RANPLI FÒTAKS,
AK POU PEMAN OBLIGASYON AKÒZ OURAGAN SANDY**

***Pwolongasyon yo bay nan Depatman Veyikil-a-Motè, Depatman Taksasyon ak Finans, ak
Environmental Facilities Corporation Ap Ede Nouyòkè y oak Zòn yo Respekte Dat Limit yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwolongasyon pou dat limit renouvèlman nan Depatman Veyikil-a-Motè Eta pou tout lisans chofè, pèmi pou kondi, kat ID ki pa lisans chofè ak anrejistreman veyikil, ak pwolongasyon pou sèten dat limit pou ranpli taks ak pou peman nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta a ki afekte dirèkteman nan tanpèt la, kòm repons pou kondisyon ijans akòz Ouragan Sandy. Answit, Gouvènè a te anonse pwolongasyon tou pou gouvènman lokal yo satisfè peman obligasyon ba Environmental Facilities Corporation.

Gouvènè Cuomo di konsa, “N ap kontinye aprann kantite domaj nan tanpèt la toupatou nan New York, epi ajans eta a yo ap travay di pou evalye bezwen Nouyòkè yo ak gouvènman lokal yo, epitou pou yo fè efò pou bay repons. Poutèt sa, lè nou bay pwolongasyon pou dat limit tankou renouvèlman ak peman taks ak obligasyon sa vle di yon bagay an mwens Nouyòkè ki afekte nan tanpèt la pa bezwen gen enkyetid.”

DMV pwolonje dat limit yo akòz Ouragan Sandy

Jodi a, akòz konsekans Ouragan Sandy, **Depatman Veyikil-a-Motè** (Department of Motor Vehicles – DMV) te anonse tout lisans chofè, pèmi pou chofè apranti, kat idantifikasyon ki pa lisans chofè, ak anrejistreman veyikil ki te pral ekspire madi 13 novanm 2012 oswa anvan ap pwolonje pou mèkredi 14 novanm 2012.

Pwolongasyon sa a aplike sèlman pou moun k ap viv nan Vil New York, ak nan konte Westchester, Nassau ak Suffolk. Li pa aplike pou egzijans pou gen pwoteksyon asirans. Ou dwe toujou gen pwoteksyon asirans pou responsablite veyikil-a-motè toutan pandan peryòd pwolongasyon sa.

Enspeksyon veyikil yo, k ap ekspire nan dènye jou mwa a, pa fè pati nan pwolongasyon. Epitou, tout odyans DMV yo, tankou odyans Vyolasyon Sikilasyon ki te pwograme pou vandredi 2 novanm nan Vil

New York, konte Nassau, konte Westchester ak konte Suffolk, ranvwaye. Si ou gen yon odyans ki pwograme, tanpri pa prezante nan kote odyans lan ap fèt la. Y ap voye avi ba ou nan sèvis lapòs pou yon odyans ki re-pwograme. Pou odyans ki pwograme lendi 5 novanm 2012 oswa apre dat sa a, tanpri tcheke sitwèb nou pou jwenn dènye enfòmasyon ak lòt enfòmasyon sou Entènèt nan sitwèb <http://www.dmv.ny.gov/>.

Chofè ki pa kapab ale nan yon biwo DMV oswa ki te ka bliye renouvle anrejistreman veyikil yo alè kapab enprime yon prèv anrejistreman pwovizwa pou 10 jou lè y ap renouvle anrejistreman veyikil yo nan Entènèt. Sèvis sa a se youn nan plizyè sèvis DMV ofri nan Entènèt. Depi kliyan yo enskri pou MyDMV, y ap jwenn aksè rapid ak fasil nan plizyè sèvis ki pèsonalize ak pwoteje san yo pa gen pou voye fòm yo nan sèvis lapòs oswa san yo pa gen pou deplase pou ale nan yon biwo DMV. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Entènèt nan sitwèb www.dmv.ny.gov.

Pwolongasyon Dat Limit pou Ranpli Fòm Taks ak pou Peman Taks

Jodi a, **Depatman Taksasyon ak Finans** te anonse pwolongasyon dat limit pou ranpli sèten fòm taks ak pou peman taks pou kontribiyab ki afekte dirèkteman nan tanpèt la, kòm repons pou kondisyon akòz ouragan an.

Tout 62 konte Eta New York yo kalifye pou pwolongasyon sa yo depi lè Gouvènè Cuomo a te deklare yon eta-dijans nan New York ak depi lè Prezidan Obama te bay otorizasyon pou èd federal ak asistans pou eta a.

Yo te pwolonje dat limit yo jouk 14 novanm 2012. Sa konsène deklarasyon taks sou revni ak peman taks pandan peryòd ki kòmanse 26 oktòb 2012 epi k ap fini 13 novanm 2012.

Answit, pwolongasyon an aplike pou tout demann ranbousman, tankou yon demann pwoteksyon ki asosye avèk Taks sou Mobilite Transpò Pasaje Metwopoliten.

Sitwèb Depatman an – www.tax.ny.gov – te mete de (2) nouvo dokiman pou bay plis eksplikasyon sou pwolongasyon sa yo:

- Anons Konsènan Ouragan Sandy, N-12-11
- Anilasyon Espesyal Taks pou Itilizasyon Otowout ak sètifika IFTA ki Asosye avèk Efò pou Sekou akòz Ouragan Sandy, N-12-10.

Anplwaye Taks Eta New York ap travay nan Liy Dirèk pou Ouragan Sandy nan nimewo (888) 769-7243, avèk plis pase 300 anplwaye eta a pou pran apèl yo kounjye a.

Pwolongasyon Dat Limit pou Peman Obligasyon pou Gouvènman Lokal yo

Environmental Facilities Corporation (EFC) Eta a te anonse l ap ede konte Orange Vilaj Greenwood Lake ak lòt kominote ki afekte nan Ouragan Sandy pou satisfè peman obligasyon yo dwe sou pwojè dlo ize ak pwojè dlo potab.

Haitian Creole

EFC ap ede kominote sa yo pou evite posib reta nan peman sou obligasyon yo lè li bay yo yon mwa siplemantè pou fè peman ki pwograme yo. Peman sa yo te dwe fèt ayè, men EFC te pran mezi ki nesèsè pou fè peman sa yo sou non minisipalite ki afekte yo. Menmsi kominote yo te kapab fè peman yo alè, ofisyèl ki nan Greenwood ak nan lòt minisipalite ki pa gen kouran elektrik pa kapab transfere lajan ki nesèsè a.

EFC se branch gouvènman Eta New York ki ede kominote yo peye pou gwo investisman nan sistèm dlo potab ak dlo ize. Antan administratè pi gwo fon renouvlab peyi a pou enfrastrikti dlo potab ak dlo ize, EFC te bay plis pase \$12,5 milya dola nan sibvansyon ak prè pou plis pase 1.550 pwojè kalite dlo toupatou nan eta a. Lè minisipalite yo ap ranbouse prè sa yo, y ap itilize lajan sa a nan nouvo pwojè yo -- yon vrè fon renouvlab. EFC bay obligasyon to enterè AAA/Aaa pou finanse pifò pwojè li finanse pou minisipalite yo, avèk rabousman minisipal ak revni sou investisman pou ranbouse obligatè yo.

Yo rekonèt Eta New York kòm premye eta nan peyi a nan ogmante lajan federal ak lajan eta a ki afekte n nan Fon Renouvèlman Eta a pou Dlo Pwòp ak Dlo Potab. Chak ane, EFC finanse plizyè pwojè dlo potab ak dlo ize pou plizyè milyon dola, epi li kontinye devlope dènye kalite estrateji investisman pou kreye investisman pou ogmante lajan ki disponib pou pwojè sa yo. Ane pase, yo te bay felisitasyon pou estrateji investisman EFC nan yon rapò Konsèy Konsiltatif Finansye Anviwònman Ajans. Pwoteksyon Anviwònman Etazini te fè.

Kontrèman ak lèkèk lòt eta, New York itilize fon renouvman ak klasman kredi prensipal li pou ede minisipalite yo pran avantaj to enterè ki pi ba jodi a. Ane sa a, EFC ap refinance plis pase \$1,1 milya dola nan dèt gouvènman lokal, sa k ap ekonomize plis pase \$353 milyon dola pou minisipalite yo ak kontribiyab lokal yo nan pwochen 20 ane yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418